

# Vaksen pou COVID-19

Detay ou bezwen konnen sou Vaksen COVID-19 lan\*



## Li **SAN DANJE**

FDA ak Komite Konsèy CDC sou Pratik Iminizasyon an apwouve epi rekòmande vaksen COVID-19 ki disponib yo aprè yo fin swiv pwosesis estanda pou tès ak apwobasyon.

Lè yo priyore resous ak jefò, yo devlope vaksen yo vit men sa pa janm fèt odepan sekirite. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekirite vaksen, vizite [mass.gov/COVIDVaccineSafety](https://mass.gov/COVIDVaccineSafety)



## Li **GRATIS**

Gouvènman federal la bay vaksen COVID-19 la gratis pou tout endividi.

Moun yo kap bay vaksen an gendwa mande enfòmasyon sou asirans pou yo voye fakti a bay asirans lan. Sepandan, yo pa pral chaje w. Si w pa gen asirans, ou toujou elijib pou resevwa vaksen an gratis.



## Ou bezwen **DE** dòz pou w ka vaksinen **KONPLÈTMAN**

Toutotan w pa vaksinen konplètman, ou kapab toujou trape COVID-19 epi simaye l.

Se pa tout moun ki pral vaksinen lè oumenm ou pral vaksinen. Epiou, alòske nou konnen ke vaksen an redwi anpil anpil ka grav ak sentòm yo, nou kontinye ap aprann lòt bagay sou pwoteksyon ke vaksen COVID yo bay nan sitiyoasyon lavi reyèl. Ant dòz yo epi menm aprè dezyèm dòz ou, kontinye mete yon mask, lave men w, kenbe distans ou epi evite gwoup moun.



## Se nan **MENM LOKASYON** an ou bezwen resevwa de dòz ou yo.

Toutotan w pa vaksinen konplètman, ou kapab toujou trape COVID-19 epi simaye l.

- **Vaksen Pfizer: 21 jou** aprè premye dòz la
- **Vaksen Moderna: 28 jou** aprè premye dòz la

Avan w kite randevou pou premye dòz ou, planifye oswa konfime kijan pou òganize pwochen randevou w.



## Chèche konnen nan [mass.gov/covidvaccinephases](https://mass.gov/covidvaccinephases) kilè w kapab vaksinen.

Massachusetts devlope yon orè distribisyon vaksen COVID-19 pa faz e ki konsantre sou egalite ak sekirite.

Orè a konsantre sou zafè kenbe kapasite sistèm sante a, atake injistis nan zafè jwenn swen sante, nan chay COVID-19 lakòz epi pwoteje popilasyon vilnerab yo. Chak faz gen gwoup priyore yo anndan yo. Pou jwenn enfòmasyon ke yo mete ajou regilyèman sou gwoup priyore, djòb elijib ak kondisyon medikal yo, vizite [mass.gov/COVIDVaccinePhases](https://mass.gov/COVIDVaccinePhases)

Dènye fwa yo te mete ajou enfòmasyon sa a se 14/1/21 epi li aplikab pou vaksen Moderna ak Pfizer yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 lan, faz yo ak plis bagay, vizite [mass.gov/COVIDVaccinePhases](https://mass.gov/COVIDVaccinePhases)

